

Performing Arts High Schools: Prepare Odisyon w / Pòtfolyo w pou Art

Elèv Vil Nouyòk ki gen yon enterè nan art gen yon pakèt chwa lekòl segondè ki pran angajman pou kiltive talan atistik. Pou yo admèt ou nan lekòl sa yo, apa aptitud akademik ou dwe demontre, ou dwe demontre aptitud atistik solid sou fòm yon odision ak/oswa pòtfolyo.

Kòman pou prepare pou odision Art Vizyèl

Lè w ap aplike nan yon pwogram art vizyèl, you ka mande w pou demontre aptitud ou ak angajman w nan jiska 4 fason: Atravè entèvyou, nan yon tèks alekri tankou yon disètasyon, lè w reyalize yon nouvo travay art si yo mande w, oswa atravè yon pòtfolyo travay ou.

1 Entèvyou a

Lekòl ka mete entèvyou nan pwosesis admisyon yo. Byen kesyon ak pwosede varye soti yon lekòl ale nan yon lòt, sonje:

- Prezantasyon ak aparans konte
- Atitud enpòtan; montre ou respekte pwofesè yo ak lòt elèv
- Pale sou angajman nan Art vizyèl
- Tande avèk atansyon epi eseye bay respons ki reponn kesyon yo te poze yo dirèkteman. Kesyon yo kapab genyen:
 - Poukisa ou chwazi pou fè odision pou lekòl sa a?
 - Kòman w te decide kisa pou mete nan pòtfolyo w la?
 - Ki mizeda oswa galri ou vizite tou dènyeman?
 - Nan lavni, kòman ou planifye pou itilize edikasyon art w ap resevwa isi a?

Entèvyou gen plis chans pou li sou yon fòm konvèsasyon. Yo ka mande w eksperyans, konesans ak enterè nan art vizyèl.

2 Tèks ekri a

Kèk lekòl mande elèv pou ekri yon disètasyon oswa reponn yon seri kesyon sou rezon ki fè yo vle vin nan lekòl sa a an patikilye. Yo ka mande w tou pou konpare de travay art. Lekòl yo ap gade kisa ou mete nan sa w ekri a ak nivo literasi w tou. Kòm pou nenpòt tèks w ap bay kòm egzamen, tèks odision w lan sipoze:

- Byen òganize
- Demontre estrikti fraz, òtograf, ponktyasyon, ak paragraf kòrèk
- Reponn kesyon yo

Tèks ekri a se yon fason pou montre angajman w nan etid art vizyèl ak enterè w pou nan lekòl la.

3 Reyalize Nouvo Travay Art si yo Mande sa

Anpil lekòl ap mande w pou konplete de pyès art "la menm". Aktivite art ki pi kouran an se desine yon figi oswa yon bagay inanime apati obsèvasyon, byenke yo ka mande w tou pou desine yon bagay apati memwa. Yo fè travay jeneralman sou yon papye 8.5" x 11". Ale avèk yon kreyon pou desine ak gòm.

Moun k ap bay egzamen yo ap chèche apwòch ki montre imajinasyon ak kreyativite nan travay yo mande w pou fè a anndan limit yo ba ou nan odision an.

Performing Arts High Schools: Prepare Odisyon w / Pòtfolyo w pou Art

4 Pòtfolyo a

HS19 (Haitian Creole)

Pou plis enfòmasyon rele (718) 935-2399 oswa ale nan sit wèb nou an www.nyc.gov/schools/ChoicesEnrollment/High

Pòtfolyo Art vizyèl la se yon pati enpòtan nan odisyon art vizyèl la. Yon pòtfolyo ki byen fèt montre fòs ou ak potansyèl ou pou travay nivo lekòl segondè. Se yon opòtinite pou montre pi bon efò w. Lekòl ka varye endividyèlman yon ti kras nan sa yo mande. Tcheke sitwèb lekòl la pou tout enfòmasyon. Konsèy sa yo ap ede monte yon pòtfolyo solid.

Prezantasyon Ou kapab pwoteje travay ou epi fè yon bon enpresyon lè w itilize yon valiz pòtfolyo solid bon kalite. Yon prezantasyon pwòp byen bèl enpòtan anpil. Li montre komite k ap revize pòtfolyo ou pran swen travay epi ou pran fyète nan li.

Pyès ou yo sipoze:

- Pwòp, san domaj, epi nan bon kondisyon
- San ankadreman
- Avèk yon etikèt nan do a ki gen:
 - ✓ Non w
 - ✓ Non lekòl la
 - ✓ Tit
 - ✓ Dat travay la
 - ✓ Oswa “sou sipèvizyon” oswa “san sipèvizyon”

Kantite ak Tip Travay Art Sa varye soti nan yon lekòl ale nan yon lòt, avèk kèk pwogram ki mande sis ak kèk lòt ki mande menm 10-20. Kèk lekòl mande travay 2 dimansyon *sèlman* epi kèk pèmèt mete ladan fotograg travay 3 dimansyon. Lè w soumèt dyapozitif travay 3 dimansyon yo, mete dyapozitif yo avèk etikèt sou yo nan katab prezantasyon an.

Tèm Lè w ap monte pòtfolyo a, pran tan w pou seleksyone travay ou santi k ap reprezante w pi byen. (“Pi piti se pi plis” se yon gid ekselan!) Konsidere bagay sa yo:

- Chwazi travay ki resan (travay ou fè nan 7yèm oswa 8yèm ane)
- Gen lekòl ki renmen gade sketchbooks ak desen preliminè
- Pa mete travay travay ki fèt nan estil atis ki selèb oswa kopi (ladan kopi fotograf) travay art
- Pi fò travay yo sipoze fèt apati obsèvasyon men ou ka mete kèk travay ou fè apati imajinasyon oswa memwa
- Ou ta sipoze limite desen anime nan yon minimòm oswa pa mete yo ditou
- Pyès ou chwazi yo sipoze demontre fason ou konprann konpozisyon ak prensip konsepsyon:
 - ✓ Inite
 - ✓ Balans
 - ✓ Repetisyon
 - ✓ Varyete
 - ✓ Anfaz
 - ✓ Pwopòsyon
 - ✓ Ritm
 - ✓ Figure-Ground Relationship
 - ✓ Balans
- Ou kapab chwazi travay ki fèt sou tèm pou montre ankèt an pwofondè yon ide **OSWA** ou kapab mete divès sijè pou montre tout sa ki enterese
- Li ka bon pou prepare pyès nan plizyè kategori (tankou desen, penti, gravi, teknoloji medya, etc.) pou demontre konesans ou nan diferan zouti, materyèl ak teknik
- Revize kondisyon espesifik pòtfolyo pou lekòl kote ou swete ale a nan Anyè Lekòl Segondè a ak nan sitwèb lekòl la

Performing Arts High Schools: Prepare Odision w / Pòtfolyo w pou Art

Kòman pou prepare pou odision Dram/Teyat

Kondisyon Diferan lekòl gen diferan kondisyon odision – tcheke Anyè Lekòl Segondè w la pou kondisyon yo. An jeneral, yo ka mande elèv pou fè nenpòt nan bagay sa yo:

T&I-16519 (Haitian Creole)

Pou plis enfòmasyon rele (718) 935-2399 oswa ale nan sit wèb nou an www.nyc.gov/schools/ChoicesEnrollment/High

- *Resite de monològ yo te prepare.* De monològ yo dwe diferan nan estil, pa egzanp, youn komik, youn se dram, epi respekte kondisyon sa yo:
 - Monològ yo dwe se monològ ki pibliye. Tèks orijinal elèv ak materyèl monològ sou entènèt pa apwopriye.
 - Tout monològ yo sipoze dire 1-2 minit.
 - Karaktè monològ yo sipoze apwopriye avèk laj.
 - Jeneralman, yo pa ankouraje teyat klasik oswa vè tankou Shakespeare amwenske elèv la kapab revele langaj konplèks avèk fasilsite.
- *Patisipe nan jwèt teyat oswa enpwovizasyon* pou moun k ap fè odisyon yo kapab jije abilite elèv pou kolabore an gwoup ak pou montre kreyativite san egzès.
- *Reponn kesyon aloral* osijè rezon ki fè w vle nan pwogram teyat la an jeneral ak nan lekòl la an patikilye. Moun k ap fè odisyon yo ap vle konnen ke elèv pran angajman nan lekòl patikilye sa a ak nan egzijans yon pwogram teyat.
- *Chante yon seleksyon mizikal ki soti nan yon Broadway show* (pou elèv k ap aplike pou teyat mizikal sèlman). Tcheke avèk lekòl endividyèl osijè kondisyon odisyon pou teyat mizikal.

Sonje: Lekòl kapab rele elèv pou tounen pou prezante monològ yo yon dezyèm fwa. Jeneralman, yo pa mande lòt preparasyon pou "tounen" pou yon lòt odisyon.

Kritè pou monològ Kritè espesifik yo evalye elèv varye pami lekòl. Men, moun k ap fè odisyon yo kapab ap chèche bagay sa yo:

- | | |
|----------------------|---|
| ✓ Konpreyansyon Dram | ✓ Klète nan kominikasyon |
| ✓ Karakterizasyon | ✓ Ou pa bezwen kostim oswa pyès akseswa |
| ✓ Diksyon | |

Prepare yon monològ Monològ odisyon disponib nan divès sous enprimiri ak piblikasyon. Tanpri konsidere rekòmandasyon sa yo:

- Ou kapab chwazi swa yon monològ endepandan, swa yon monològ ou pran dirèkteman nan yon pyès teyat epi ou edite pou bezwen pa w. Si w chwazi yon monològ ki soti nan yon pyès teyat, tanpri sonje tout pyès la kote w pran monològ la. Ou sipoze li pyès teyat la epi familiarize w avèk karaktè w ap reprezante.
- Men kèk liv ki gen monològ ki pibliye ou ka konsidere. Liv sa disponib deja sou entènèt oswa nan Drama Bookshop, 250 W 40th St., New York, NY 10018: (212) 944-0595. The Performing Arts Library nan Lincoln Center se yon bon sous tou pou liv monològ.
 - *Audition Monologues for Student Actors: Selections from Contemporary Plays* by Roger Ellis
 - *Red Licorice: Monologues for Young People* - Carole Tippit
 - *Monologues for Young Actors* - Lorraine Cohen
 - *100 Great Monologues: A Versatile Collection of Monologs, Duologs and Trilog for Student Actors* - Rebecca Young
 - *Multiplicity: A Collection of Monologues for Student Performance* by R. James Scott & Bianca Cowan
- Elèv sipoze antrene sou prezantasyon monològ la pou kritè nou mete pi wo yo. Si w gen yon pwofesè teyat anndan lekòl ou a, mande l pou ede prepare. Yon pwofesè anglè gen dwa kapab ede tou.
- Nan odisyon an, elèv sipoze prepare pou anonse non yo, seleksyon monològ ou chwazi a ak moun ki ekri li. Paegzanp: "Non mwen se _____. M ap pèfòme youn nan monològ Anne yo ki nan *The Diary of Anne Frank* ke Frances Goodrich and Albert Hacket ekri."

Performing Arts High Schools: Prepare Odisyon w / Pòtfolyo w pou Art

Kòman pou prepare pou odisyon Mizik Vizyèl

Lè w ap chwazi ak pratike repètwa odisyon w

- Chwazi repètwa a byen avan odisyon an
- Seleksyone mizik yo ekri espesyalman pou solo oswa vwa (pa chwazi mizik kote enstriman w lan oswa vwa w se amoni pou lòt enstriman oswa lòt vwa)
- Seleksyone mizik ki montre fòs talan w. Yon seleksyon difisil ou jwe oswa chante kapab montre konesans ou. Sepandan, yon seleksyon pi fasil ou jwe oswa chante avèk mizikalite solid ak bon entonasyon kapab fè menm bon enpresyon an
- Sonje ke pyès lirik ki dousman, yo gen tandans pou difisil pou jwe oswa chante byen. Lè w ap pratike, prepare pati ki dousman, ekspresif, ki difisil sou pwèn teknik avèk tout atansyon posib menm jan ou ta fè up-tempo
- Itilize yon akòdè ak yon metwonòm pandan premye etap pratik yo pou ede avèk pa ak ritm.
- Pratike sight-reading chak jou
- Chantè sipoze prepare omwen de mòso pa kè ki gen estil opoze. Si posib, chwazi yon chante nan yon lang etranje. Chwazi mizik nan pwodiksyon teyat resan oswa lontan, mizik tradisyonèl ameriken oswa mondyal, oswa koleksyon chante art. Tanpri sonje gen anpil lekòl ki pa aksepte seleksyon R&B, Rock, ak Rap pou odisyon
- Elèv k ap jwe enstriman yo sipoze konnen echèl ki nesèsè yo pa kè. Sepandan, yo aksepte pou itilize fèy mizik lè w ap jwe seleksyon ou prepare pou odisyon an
- Rekonèt kote ou gen feblès epi pratike yo. Pase tan pou ogmante kapasite w pou ka pèfòme tout mòso seleksyon w yo avèk menm konpetans
- Pratike pèfòme repètwa odisyon w lan devan yon odyans. Mande yo pou di w sa yo panse sou pèfòmans lan ak prezantasyon an an jeneral

Odisyon Enstriman

- Prepare omwen yon mòso ou kapab jwe okonplè. Si posib, prepare yon dezyèm seleksyon nan estil oswa tempo opoze. Sepandan, ou yo pa ka mande w pou jwen yon dezyèm mòso
- Prepare pou li fè sight reading yon ti pasaj mizikal (4-8 mezi)
- Prepare pou jwe omwen yon echèl

Odisyon Vwa

- Prepare omwen de mòso pa kè ki gen estil opoze
- Prepare pou fè eko pa ak ritm moun k ap ba w odisyon an mande w pou fè
- Prepare pou li fè sight sing yon ti pasaj mizikal (4-8 mezi)
- Prepare pou fè vwa (arpeggios, leaps, runs, etc.) pou demontre ki tip vwa w

Resous pou seleksyone repètwa w

- Mande pwofesè mizik ou a pou ede w lè w ap chwazi repètwa w
- New York State School Music Association Manual, Edition 28. Se yon resous pwofesyonèl pou pwofesè ak kondiktè; liv sa a genyen lis repètwa pou tout tip vwa ak enstriman. Li disponib nan kèk bibliyotèk oswa ou ka achte l nan www.nyssma.org pou ant \$47-55
- Ou gen dwa kapab achte fè mizik pou repètwa w la nan magazen sa yo:
 - Colony Music Store
 - Guitar Center Stores
 - Catalano Music (Long Island)
 - Sam Ash Music Stores
 - JW Pepper Music (sou entènèt)
 - Music Time (sou entènèt)
 - Patelson's Music Store

Konsèy pou odisyon

- ✓ Kontinye menmsi w fè yon erè. Pa fè kòlè Moun k ap bay odisyon an pi enterese pou evalye potansyèl ou.
- ✓ Si moun k ap fè odisyon an mande pou fè yon chanjman nan fason ou jwe oswa chante yon pasaj, sa pa vle di ou pa jwe oswa chante l byen. Moun k ap fè odisyon an kapab vle wè kòman ou ka resevwa kòmantè oswa fè koreksyon rapidman.
- ✓ Premye enpresyon enpòtan anpil: Fè yon efò pou abiye byen bèl. Nou pa ankouraje w mete tenis.

Performing Arts High Schools: Prepare Odisyon w / Pòtfolyo w pou Art

Kòman pou prepare pou odisyon Dans

Kondisyon Diferan lekòl gen diferan kondisyon odisyon – tcheke Anyè Lekòl Segondè w la pou kondisyon yo. An jeneral, yo ka mande elèv pou fè nenpòt nan bagay sa yo:

- *Patisipe nan yon kou dans.* Kou dans yo gen souvan yon melanj teknik balè ak dans modèn, byenke gen lekòl ki ka mande yon kou diferan pou chak estil. Kèk lekòl kapab mande tou pou elèv patisipe nan lòt fòm dans nan klas la tankou jazz oswa enpwovizasyon.
- *Pèfòme yon dans solo.*
 - Solo a dwe demontre pi bon abilite dans ak pèfòmans elèv la.
 - Elèv dwe prepare yon mòso solo yon koregrafi orijinal, byenke kèk lekòl kapab aksepte yon koregrafi elèv la pa t monte.
 - Solo a kapab nan lòt estil ki pa dans balè ni modèn (tankou Jazz, oswa dans klasik afriken oswa endyen) si se nan sa elèv la gen plis antrenman.
 - Lekòl yo ka mande pou solo a dire ant 1 a 3 minit.
 - Nan kèk lekòl, tout elèv gen yon chans pou pèfòme moso solo yo a. Nan lòt lekòl, se sèl elèv yo rele pou retounen apre kou teknik yo a k ap pèfòme moso solo yo a.
- *Fè yon odisyon alekri* Kèk lekòl mande elèv oswa pou yo ekri yon tèks sou rezon ki fè yo vle vin lan lekòl la oswa pou pran yon egzamen pou wè pwofondè konesans yo nan dans.

Kritè Dans Fason espesifik yo evalye elèv varye pami lekòl. Sepandan, sonje kritè sa yo:

- Prezantasyon ak aparans, jan pwòpte ak antansyon montre sa
- Atitud: Konpòtman nan klas ki apwopriye, ki montre respè pou pwofesè ak kamarad ou, yon sans angajman pou dans, ak yon volonte pou aprann
- Abilite teknik: Prè akonplisman nan dans teknik ak abilite pou aprann nouvo enfòmasyon, aksepte koreksyon vèbal ak demonstrasyon, epi revize travay lòt nan menm moman an
- Aliyman kò Konesans relasyon anatomi debaz
- Mizikalite ak Ritm
- Kreyativite, jan yo montre sa nan enpwovizasyon ak koregrafi solo elèv la
- Abilite Pèfòmans Abilite pou kominike avèk yon piblik
- Konpreyansyon jeneral dans, jan yo demontre sa nan mouvman ak/oswa nan fòm vèbal oswa alekri

Abiman Elèv dwe vini nan rad dans apwopriye a pou travay balè ak dans modèn: Ba san pye, kolan dans, soulye balè soup (pa bezwen pote soulye pwent amwenke yo mande sa espesyalman). Lòt rekòmandasyon:

- Mete koulè ini – pa mete patèn ni motif fantezi.
- Pa mete rad ki kite vant ou parèt.
- Pa mete chemiz oswa pantalon flòpflòp.
- Si w gen cheve long pouse l dèyè nan yon chou byen fèt, si gen cheve kout penyen l avèk swen. Sa valab ni pou fi, ni pou gason.

